

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan diperlukeun ayana pamarekan panalungtikan anu mangrupa rangka mikir pikeun ngajelaskeun kumaha cara nyawang panalungtik kana fakta kahirupan sosial jeung paripolah panalungtik kana élmu jeung téori. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif. Ari nu dimaksud pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu ngébréhkeun kaayaan sosial nu tangtu kalawan ngadéskripsikeun kanyataan anu sabenerna, diwangun ku kecap-kecap dumasar téhnik ngumpulkeun jeung nganalisis data rélevan anu dihasilkeun tina situasi nu alamiah (Satori & Komariah, 2014, kc.25). Dina ieu panalungtikan, pamarekan kualitatif dipaké pikeun ngagambarkeun kaayaan sosial dina wangun kecap-kecap basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Rajagluh. Ieu kecap-kecap téh dimeunangkeun ku cara panalungtikan ka lapangan kalawan dihasilkeun tina situasi masarakat anu alamiah.

Lian ti ayana pamarekan panalungtikan, diperlukeun ogé ayana métode salaku léngkah-léngkah gawé panalungtikan. Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc.2013) métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Istilah déskriptif asalna tina istilah basa Inggris *to describe* anu hartina ngagambarkeun hiji hal, saperti kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jeung sajabana. Jadi, panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu boga udagan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu hasilna ditétélakeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 3). Métode déskriptif dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun hasil panalungtikan di lapangan dina wangun déskripsi kecap-kecap dialék. Unggal kecap-kecap dialék bakal didéskripsikeun dina BAB IV sangkan leuwih jéntré tur dipikapaham ma'na atawa harti kecapna.

Sangkan boga patokan dina ngalaksanakeun panalungtikan, diperlukeun rarancang atawa desain panalungtikan. Ieu desain téh mangrupa padoman atawa prosedur sarta téhnik rarancang panalungtikan salaku panduan dina kagiatan

panalungtikan. Nurutkeun Sukardi (2013, kc. 68) desain panalungtikan nyaéta wincikan ngeunaan prosés panalungtikan anu baris dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Eusina mangrupa komponén kumaha prak-prakan anu kudu dilakukeun sangkan tujuan tina panalungtikan bisa kahontal ku panalungtik. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3. 1 **Desain Panalungtikan**



3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan


3.2.1.1 Kaayaan Geografi

Kacamatan Rajagaluh mangrupa salasahiji kacamatan anu aya di Kabupaten Majalengka. Sacara geografis, Kacamatan Rajagaluh perenahna di belah kidul Kabupaten Majalengka antara $108^{\circ}19'$ - $108^{\circ}25'$ BT, $6^{\circ}42'$ - $6^{\circ}51'$ LS. Kalawan wates-wates wilayah administratifna, nyaéta

- 1) Belah kalér : Kacamatan Argapura
- 2) Belah kidul : Kacamatan Leuwimunding
- 3) Belah kulon : Kacamatan Sukahaji
- 4) Belah wétan : Kacamatan Sindangwangi

Lega wilayah Kacamatan Rajagaluh $\pm 34.37 \text{ km}^2$, hartina Kacamatan Rajagaluh ngan sakitar 2,85% tina lega wilayah Kabupaten Majalengka kalawan luhurna tempat antara 154-542 mdpl.

Gambar 3. 1
Peta Kacamatan Rajagaluh



(Badan Pusat Statistik Kabupaten Majalengka, 2018)

Kacamatan Rajagaluh ngawengku 13 désa, nyaéta

- | | |
|----------------|---------------------|
| 1) Payung | 8) Rajagaluh Lor |
| 2) Cisetu | 9) Singawada |
| 3) Rajagaluh | 10) Rajagaluh Kidul |
| 4) Pajajar | 11) Teja |
| 5) Sindangpano | 12) Babakan Kareo |
| 6) Sadomas | 13) Kumbung |
| 7) Cipinang | |

3.2.1.2 Pamaréntahan

Sacara administratif dina ahir taun 2017 Kacamatan Rajagaluh diwangun ku 13 désa kalawan 31 Dusun, 71 Rukun Warga (RW), jeung 217 Rukun Tetangga (RT).

Gambar 3. 2

Pamaréntahan di Kacamatan Rajagaluh

Pemerintahan

Tabel 2.2 BANYAKNYA DUSUN, RW, RT DAN RATIO RT TERHADAP RW DIRINCI PER DESA TAHUN 2017

Desa	Banyaknya Dusun	Banyaknya RW	Banyaknya RT	Rasio RT terhadap RW
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1. Pajajar	2	7	15	2.14
2. Teja	2	7	23	3.28
3. Payung	5	8	14	1.75
4. Sindang Pano	3	3	11	3.67
5. Babakan Kareo	2	5	10	2.00
6. Sadomas	2	4	8	2.00
7. Kumbung	2	4	14	3.50
8. Rajagaluh Kidul	3	5	14	2.80
9. Singawada	2	7	22	3.14
10. Rajagaluh	2	6	18	3.00
11. Rajagaluh Lor	2	5	18	3.60
12. Cipinang	2	5	24	4.80
13. Cisetu	2	5	23	4.60
Kec. Rajagaluh	31	71	217	3.06

Sumber : Kecamatan Rajagaluh

(Badan Pusat Statistik Kabupaten Majalengka, 2018)

3.2.1.3 Padumuk

Jumlah padumuk di Kecamatan Rajagaluh dina taun 2017 dumasar kana proyeksi padumuk, nyaéta 42.374 anu ngawengku 21.160 lalaki jeung 21.214 awéwé.

Tabél 3. 1
Padumuk di Kecamatan Rajagaluh

Ngaran Désa	Wanda Baga		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
(1)	(2)	(3)	(4)
Payung	2.074	2.116	4.190
Rajagaluh Lor	1.967	1.910	3.877
Cisetu	1.998	2.116	4.114
Singawada	1.393	1.394	2.787
Rajagaluh Kidul	2.430	2.323	4.753
Rajagaluh	2.121	2.063	4.184
Pajajar	1.315	2.657	2.657
Teja	1.220	1.136	2.356
Sindangpano	1.035	1.084	2.119
Babakan Kareo	666	671	1.337
Sadomas	790	826	1.616
Kumbang	2.024	2.065	4.089
Cipinang	2.127	2.168	4.295
Jumlah	21.160	21.214	42.374

(Podes kecamatan Rajagaluh)

(Badan Pusat Statistik Kabupaten Majalengka, 2018)

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék timana data bisa dibeunangkeun (Arikunto, 2013, kc. 172). Dumasar kana sipatna, sumber data panalungtikan dialék dibagi jadi dua, nyaéta sumber data lisan jeung sumber tinulis.

1) Sumber data lisan

Sumber data lisan patalina jeung masih ayana basa atawa dialék anu nepi ka kiwari acan didokuménkeun dina wangun tinulis, bisa mangrupa basa atawa dialékna sorangan, atawa hal-hal anu kawangun dijerona, saperti carita rakyat, adat istiadat, kapercayaan jeung perundangan (Guiraud dina Zulaeha, 2010, kc.52).

2) Sumber tinulis

Sumber tinulis méré bantuan dina usaha panalungtikan sumber lisan. Malah dina panalungtikan dialéktologi bisa dilakukeun kalawan ngagunakeun sumber tinulis wungkul, saperti tina naskah-naskah kuno, kamus, atlas basa, jeung dokumén-dokumén séjén dina dialék nu ditalungtik (Zulaeha, 2010, kc.52).

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sumber data lisan ti informan. Informan nyaéta hiji jalma anu méré informasi ngeunaan data nu keur ditalungtik. Ieu hal luyu jeung pamadegan Zulaeha (2010, kc.53).

yén informan nyaéta jalma anu méré informasi data basa dialék nu ditalungtik, atawa disebut *pembahan* (Rohaedi dina Zulaeha, 2010, kc.53). Pikeun nangtukeun informan dina ieu panalungtikan dipilih dumasar kana kritéria anu didadarkeun ku Nothofer & fernandez dina Zulaeha (2010, kc.53-54), nyaéta

- 1) wanda baga lalaki atawa awéwé;
- 2) umur \pm 30 nepi ka \pm 60 taun;
- 3) lahir jeung gedé di éta désa;
- 4) bisa basa Sunda;
- 5) bisa basa Indonesia; jeung
- 6) sehat rohani jeung jasmani dina harti boga pakakas wicara nu sampurna.

Satuluyna, pikeun nangtukeun daérah anu rék dijadikeun tempat panalungtikan digunakeun téhnik area sampel (*area probability sample*). Ieu téhnik dipaké pikeun nyokot sampel dumasar kana babagian aréa atawa daérah-daérah anu aya dina populasi. Hartina daérah anu aya dina populasi dibagi-bagi deui jadi sababaraha daérah anu leuwih leutik (Narbuko & Achmadi, 2009, kc.117).

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, kacamatan Rajagaluh kabagi jadi 13 désa. Dina ieu panalungtikan, nyokot sampelna ngagunakeun téhnik area sampel (*area probability sample*) dumasar kana arah mata angin jeung puseur kacamatan (opat papat lima pancar).

- 1) Belah Kalér : Désa Rajagaluh Lor
- 2) Belah kidul : Désa Payung
- 3) Belah kulon : Désa Cisetu

- 4) Belah wétan : Désa Singawada
 5) Puseur : Désa Rajagaluh

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas atawa alat bantu anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih *cermat*, lengkep, jeung sistimatis sahingga leuwih babari ngokolakeunana (Arikunto, 2013, kc.203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kuésionér, daptar pananya, jeung alat rékam.

3.3.1 Kuésionér

Umumna, sabagian gedé panalungtikan ngagunakeun kuésionér salaku instrumén anu dipilih pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc.268). Format kuésionér informan digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan riwayat hirup informan. Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun format kuésionér informan dumasar kana format ti Zulaeha (2010, kc.97).

Tabél 3. 2
Data Informan

(1)	(2)	(3)
1.	Wasta	
2.	Wanda Basa	
3.	Tempat Gumelar	
4.	Umur	
5.	Atikan	
6.	Pakasaban	
7.	Cicing di ieu tempat ti	
8.	Asal kolot ti	
9.	Basa indung	
10.	Basa séjén nu dicangkem	
	Dipaké dina kasempetan	
11.	Wewengkon nu pernah dianjangan	
12.	Kapentingan nganjang	
13.	Kalungguhan di masarakat	
14.	Bacaan (unggal poé/kungsi dibaca)	
15.	Naha (kungsi/biasa) lalajo acara TV	
16.	Naha (kungsi/biasa) ngadéngékeun radio	

3.3.2 Daptar Pananya

Daptar pananya dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun sajumlah kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh. Ieu daptar pananya téh dumasar kana papasingan kandaga kecap anu ditétélakeun ku (Prawiraatmadja & Suriamiharja, 1979, kc.191-196).

Tabél 3. 3
Daptar Pananya

No.	Papasingan Kecap	Jumlah Kecap
(1)	(2)	(3)
1.	Istilah Pancakaki	25
2.	Istilah Gaganti Ngaran jeung Sesebutan	13
3.	Istilah Kahirupan Desa jeung Masarakat	21
4.	Istilah Imah jeung Babagianana	28
5.	Istilah Pakakas	99
6.	Istilah Kadaharan jeung Inuman	65
7.	Istilah Panyakit	26
8.	Istilah Pakéan	1
9.	Istilah Kaulinan	1
10.	Istilah Sasatoan	71
11.	Istilah Usum jeung Kaayaan Alam	24
12.	Istilah Budi Parangi, Kaayaan Barang, jeung Pakasaban	47
Jumlah		421

Sangkan leuwih jéntré, daptar pananya ngeunaan istilah-istilah anu dipaké dina kahirupan sapopoé bisa diilikan dina lampiran 6.

3.1.3 Alat Rékam

Alat rékam anu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta hapé (*handphone*). Salian ti fungsina pikeun komunikasi, hapé bisa digunakeun pikeun ngarékam boh sacara audio, visual, atawa audio visual. Hapé digunakeun pikeun ngarékam hasil wawancara jeung informan. Salian ti éta, hapé ogé digunakeun pikeun ngarékam gambar (foto) informan sangkan jadi bukti panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan aya dua téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta téhnik wawancara (métode cakap) jeung téhnik ngaregepkeun (métode simak).

3.4.1 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara dina panalungtikan dialéktologi ilaharna disebut métode paguneman (métode cakap). Métode cakap nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa paguneman antara panalungtik jeung informan anu dialékna baris ditalungtik. Ieu métode boga téhnik dasar dina wangun téhnik *pancing* anu biasana mangrupa ma'na-ma'na nu diwincik dina daftar pananya (Zulaeha, 2010, kc.63). Disebut téhnik *pancing* lantaran paguneman anu dipiharep salaku prak-prakan tina métode cakap ngan bisa dilakukeun saupama panalungtik méré stimulus (pancingan) ka informan pikeun ngamunculkeun gejala kabasaan anu dipiharep ku palungtik (Mahsun, 2007, kc.95).

Ari nu dimaksud wawancara nyaéta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan proses tanya jawab sacara lisan anu lumangsung saarah, hartina patalékan datang ti pihak anu ngawawancara, sedengkeun jawaban datang ti pihak anu di wawancara (Fathoni, 2006, kc.105).

Dina ieu panalungtikan, téhnik wawancara digunakeun pikeun nyangking data anu mangrupa kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh. Téhnik wawancara dilakukeun sacara *close interview* atawa nyokona kana daftar pananya anu geus dijieun. Jadi, henteu ngaran cabang ka ditu ka dieu. Ieu hal dimaksudkeun sangkan nalika wawancara henteu méakeun waktu anu lila teuing.

Jadi, bisa dicindekeun yén métode cakap (wawancara) nyaéta ngumpulkeun data dialék basa Sunda di Kacamatan Rajagaluh ku cara tanya-jawab anu lumangsung antara panalungtik jeung informan.

3.4.2 Téhnik Ngaregepkeun

Téhnik ngaregepkeun dina panalungtikan dialéktologi disebutna métode regep (métode simak). Métode simak nyaéta cara anu dipilampah ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu dilakukeun ku cara ngaregepkeun basa. Métode simak digunakeun pikeun ngaregepkeun makéna basa ku informan (Zulaeha, 2010, kc.63). Ku lantaran kitu, panalungtik milu ilubiung dina kagiatan paguneman sabari ngaregepkeun informasi anu ditepikeun ku informan sakaligus ngarékam jeung nyatet hal-hal nu dianggap penting pikeun ngalengkepan data

panalungtikan. Dina panalungtikan basa, métode simak boga peranan anu kawilang penting pikeun niténan deui makéna basa anu dibeunangkeun dina métode cakap (Mahsun, 2007, kc.94).

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngaregepkeun gunana pikeun ngaregepkeun jeung niténan informasi ti informan ngeunaan kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, pikeun ngolah datana digunakeun métode padan kalawan téhnikna disaluyukeun jeung karakter data anu aya sarta tujuan anu tangtu (Sudaryanto dina Zulaeha, 2010, kc.64). Padan mangrupa sasaruana tina kecap banding jeung hiji hal anu dibandingkeun boga ma'na sarta aya patalina. Ku kituna, padan dina ieu kontéks dihartikeun salaku patali-banding (Mahsun, 2007, kc.117). Istilah séjén tina métode padan nyaéta métode sawandana. Éta istilah téh kapanggih nalika konsultasi jeung dosén pembimbing (pangaping) dina bimbingan kalima tanggal 12 November 2019. Dina ieu panalungtikan, métode sawandana (métode padan) digunakeun pikeun nganalisis ayana bébédaan unsur kabasaan antara basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh jeung basa Sunda lulugu.

Sabada data dikumpulkeun, tuluy dianalisis kalawan léngkah-léngkah atawa runtuyan saperti ieu di handap.

- 1) Ngabandingkeun data basa dina wangun kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) di Kacamatan Rajagaluh jeung basa Sunda lulugu (BSL).
- 2) Misahkeun data basa anu dianggap salaku kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) di Kacamatan Rajagaluh.
- 3) Ngaruntuykeun data basa sacara alfabétis jeung méré kode data kana kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) di Kacamatan Rajagaluh.
- 4) Nganalisis ciri pangbéda antara kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) jeung basa Sunda lulugu (BSL) dumasar kana pangbéda fonétik, pangbéda semantis, pangbéda onomasiologis, pangbéda semasiologis, jeung pangbéda morfologis.

- 5) Nangtukeun jumlah perséntase dialéktométri tina kecap-kecap nu dinggap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) di Kacamatan Rajagaluh.
- 6) Ngadéskripsikeun kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) di Kacamatan Rajagaluh kana peta luyu jeung pamakéan kecap-kecap dialék anu aya di daérah panalungtikan.
- 7) Nyindekeun hasil panalungtikan.